

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salila hirupna manusa moal bisa leupas tina atikan sabab atikan boga fungsi pikeun ngaronjatkeun kualitas manusa, boh jasmani boh rohani. Dede Somarya jeung Pupun Nuryani (2008, kc. 26) nétélakeun yén atikan dina harti nu lega, nya éta sagala pangalaman diajar nu lumangsung saumur hirup dina sakabéh lingkungan. Pangalaman diajar nu dipibanda ku manusa tangtuna waé kudu bisa ngahasilkeun manusa nu hadé boh dina pamikiran boh dina paripolah. Ku kituna, atikan boga fungsi penting pikeun ngamanusakeun manusa.

Dina Undang-Undang Nomor 20 taun 2003 pasal 13 ayat 1 ngeunaan Sistem Pendidikan Nasional, jalur atikan dipasing-pasing jadi atikan formal, atikan non formal, jeung atikan informal. Ku kituna, atikan bisa dipibanda di mana waé, ti mimiti jalur formal (SD/MI, SMP/MTS, SMA/SMK/MA), jalur non formal (TPA, kursus, bimbingan belajar), nepi ka jalur informal (lingkungan kulawarga, lingkungan masarakat)

Globalisasi nu asup ka Indonesia ngabalukarkeun lahirna pamikiran global ngeunaan sagala aspék kahirupan, kaasup aspék atikan. Ku ayana pamikiran global, nagara-nagara maju dijadikeun kiblat modérnitas ku bangsa Indonesia. Ku kituna, loba masarakat Indonesia nu boga pamikiran lamun hayang maju, kudu nurutan nagara-nagara nu geus maju, boh paripolah boh pamikiran.

Salah sahiji nagara maju nu bisa dijadikeun conto nya éta Jepang. Jepang kawéntar salaku nagara nu bisa ngahontal modernisasi, tapi tetep panceg ngamumulé tradisi jeung ajén-ajén budayana. Proses modernisasina Nagara Jepang dimimitian ku cara nurutan nagara lian. Proses nurutan dianggap léngkah munggaran dina nyangking *kreatifitas* (*imitation is the first creativity*). Bangsa Jepang mimitina nurutan bangsa kulon dina sagala widang, kaasup téhnologi, tapi satulunya Jepang bisa leuwih unggul sabab bisa ngamekarkeun kalayan *inovatif*.

Irma Subantari, 2016

NASKAH DRAMA "SANGHIANG TAPAK" KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Alwasilah (2009, kc. 29) nétélakeun yén kamekaran Jepang teu bisa dipisahkeun jeung proses atikanna. Taun 1879 Jepang ngumumkeun sistem pendidikan nu nyoko kana pendidikan moral (*shushin*) jeung disiplin (*shitsuke*). Ieu sistem pendidikan ngajadikeun Jepang nagara modern nu tetep panceg kana kaarifan lokal (*think globally act locally*). Konsep atikan nu nyoko kana kaarifan lokal ieu satuluyna disebut étnopédagogik.

Nurutkeun Alwasilah (2009, kc. 41) étnopédagogik boga fungsi pikeun ngawangun atikan nu ngakar kana jati diri bangsa Indonesia. Salaku bangsa *bhinneka tunggal ika*, akar jati diri bangsa Indonesia disaluyukeun jeung potensi nu dipibanda unggal séké sélér bangsa.

Étnopédagogik kasundaan sorangan museur kana kaonjoyan jalma nu masagi. Sudaryat (2012, kc. 59) nétélakeun yén jalma nu masagi bakal kahontal ngaliwatan atikan tri-silas, nya éta silih asih, silih asah, jeung silih asuh. Atikan tri-silas téh kudu jadi dadasar urang Sunda dina proses ngajar jeung diajar. Ku kituna, proses pangajaran lain ngan saukur ngahontal aspek kognitif, tapi ogé ngahontal aspek aféktif jeung psikomotorik.

Salah sahiji matéri ajar nu bisa ngalarapkeun étnopedagogik nya éta sastra. Minderop (2011, kc. 76) nétélakeun yén sastra nya éta karya tulis nu méré hiburan, nu ditepikeun kalayan éndah, artistik, sarta mibanda ajén-ajén kahirupan jeung moral nu bisa ngahudang pangalaman; kasadaran moral; kasadaran spiritual; jeung rasa.

Nurutkeun Aristoteles (dina Dewojati, 2010, kc. 1) wanda sastra dipasing-pasing jadi tilu kelompok, nya éta sastra lirik, sastra épik, jeung sastra dramatik. Sastra lirik museur kana wangun karya sastra puisi, sastra épik museur kana karya sastra prosa, sedengkeun sastra dramatik museur kana karya sastra drama.

Masyarakat Sunda geus lila wanoh kana drama, nu dimimitian ku ayana pagelaran drama tradisional tanpa naskah. Pintonan drama tradisional gumantung kana kaparigelan sutradara dina nangtukeun carita jeung nangtukeun pamaén, sarta kaparigelan pamaén mekarkeun carita nu sakabéhna dilakukeun sacara langsung. Sanggeus kapangaruhan ku Bangsa Eropa, drama tradisional Sunda mimiti maké naskah sarta wanda dramana ogé beuki loba.

Drama boga dua dimensi nu sarua pentingna, nya éta dimensi sastra jeung dimensi pintonan. Drama dina dimensi sastra satulunya disebut naskah drama. Bédana naskah drama jeung karya sastra lian, nya éta naskah drama dijieu keur dipintonkeun. Nu nulis drama kudu ngabayangkeun réngkak, paripolah, jeung omongan aktor waktu dina panggung. Ku kituna, dialog jeung adegan jadi hal nu penting dina naskah drama.

Jacob Sumardjo jeung Saini K.M. (1991, kc. 3) nétélakeun yén sastra téh kedalan ngeunaan pangalaman, pamikiran, rasa, idé, sumanget, jeung kayakinan nu ngagambarkeun kahirupan kalayan maké médium basa nu ngirut. Ku kituna, karya sastra boga mangpaat méré gambaran kahirupan masarakat nu antukna nambah pangalaman jeung pangaweruh nu maca. Salian ti méré pangalaman, karya sastra ogé boga fungsi hiburan ku cara méré kagumbiraan jeung kasugemaan batin.

Fungsi karya sastra pikeun méré pangaweruh jeung pangalaman hirup ka nu maca, kasampak ogé dina naskah drama. Naskah drama jadi sarana nu luyu pikeun nepikeun pamikiran nu nulis, sabab éta pamikiran lain ngan saukur ditepikeun dina wangun tulisan, tapi ogé diantebkeun dina wangun pintonan.

Naskah drama Sunda salaku salah sahiji wanda karya sastra ogé bisa jadi sarana pikeun nepikeun ajén-ajén kasundaan. Salah sahiji naskah drama Sunda nu reumbeuy ku ajén kasundaan, nya éta naskah drama “Sanhiang Tapak”. Naskah drama “Sanhiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga dikarang taun 1989. Ieu naskah drama nyaritakeun kaayaan masarakat jeung pamingpin nu panceg ngajénan sajarah karuhunna.

Naskah drama “Sanhiang Tapak” dianalisis ngaliwatan dua ulikan, nya éta ulikan struktural jeung ulikan étnopédagogik. Saacan ngulik naskah drama “Sanhiang Tapak” maké ulikan étnopédagogik, ieu naskah drama diulik heula maké pamarekan struktural, sangkan leuwih maham eusi naskah drama. Ulikan struktural nu dipaké nya éta dumasar kamandang Hasanuddin W.S. (1996, kc. 76) nu ngawengku tokoh, peran jeung watek; motif, konflik, peristiwa, jeung alur; latar jeung ruang; basa; sarta téma jeung amanat.

Sanggeus ngulik struktur naskahna, panalungtikan dituluykeun kana analisis étnopédagogik dina naskah drama “Sanghiang Tapak”. Ulikan étnopédagogikna museur kana sipat gapura pancawaluya jeung tri-silas, nu jadi cicirén sipat urang Sunda. Sipat gapura pancawaluya jeung tri-silas ogé kaasup indikator étnopédagogik kasundaan nurutkeun Yayat Sudaryat (2015, kc.125-128). Sipat gapura pancawaluya téh nuduhkeun hadéna kualitas hiji jalma, sedengkeun sipat tri-silas nuduhkeun hadéna sikep hiji jalma ka jalma lian.

Aya sawatara panalungtikan nu dilakukeun saméméhna ngeunaan analisis naskah drama, ulikan struktural, jeung ulikan étnopédagogik, nya éta (1) tesis Wiwin Widaniawati (2011) kalayan judul “Ajén-Ajén Étnopédagogik dina Dongeng di Kota Tasikmalaya (Ulikan Struktural jeung Hermeneutik); (2) tesis Arif Firmansyah (2013) kalayan judul “Naskah Longsér Karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Bahan Pangajaran di SMA/MA/SMK (Ulikan Struktural-Semiotik)”; (3) tesis Siti Maryam Maulida (2014) kalayan judul “Rumpaka Tembang Sunda Cianjur (Ulikan Struktural Dinamik jeung Étnopédagogik)”; (4) skripsi Nenden Popi Nurasyiah (2014) nu judulna “Analisis Naskah Drama “Pajaratan Cinta” Karya Dhipa Galuh Purba: Tilikan Struktural jeung Stilistika”; (5) tesis Opah Ropiah (2015) kalayan judul “Wawacan Simbar Kancana (Ulikan Struktural, Budaya, jeung Étnopédagogik)”; jeung (6) tesis Euis Siti Fatimah (2015) kalayan judul “Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik dina Novél Barudak *Rasiah Kodeu Binér* Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP”.

Panalungtikan ngeunaan analisis naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga kalayan ulikan struktural jeung étnopédagogik acan ditalungtik saméméhna. Ku kituna, ieu panalungtikan penting dilaksanakeun pikeun maluruh eusi jeung ajén kasundaan nu aya dina naskah drama “Sanghiang Tapak”.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Ulikan nu bisa dipaké dina nganalisis karya sastra téh rupa-rupa. Sangkan ambahanna teu lega teuing, ieu panalungtikan medar ngeunaan analisis naskah drama

“Sanghiang Tapak” kalayan ulikan struktural jeung étnopédagogik. Dumasar kana éta ulikan, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

1. Kumaha déskripsi naskah drama “Sanghiang Tapak”?
2. Kumaha struktur naskah drama “Sanghiang Tapak”?
3. Ajén étnopedagogik kasundaan naon nu aya dina naskah drama “Sanghiang Tapak”?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan “Analisis Naskah Drama “Sanghiang Tapak” Karya R. Hidayat Suryalaga (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” dipasing-pasing jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho struktur jeung ajén étnopédagogik dina karya sastra, hususna naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun:

- 1) naskah drama “Sanghiang Tapak”;
- 2) struktur nu nyampak dina naskah drama “Sanghiang Tapak”; jeung
- 3) ajén étnopédagogik kasundaan nu nyampak dina naskah drama “Sanghiang Tapak”.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Panalungtikan ngeunaan naskah drama “Sanghiang Tapak” dipiharep méré mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis nu bisa kacangking tina ieu panalungtikan nya éta nambahán pangaweruh panalungtik jeung nu maca ngeunaan naskah drama “Sanghiang Tapak”, boh ditilik tina eusi carita boh ditilik tina struktur nu ngawangun éta carita. Salian ti

éta, ieu panalungtikan ogé boga mangpaat tioritis mikaweruh ngeunaan ajén-ajén kasundaan dina ieu naskah nu kudu dilenyepan jeung dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis nu bisa dicangking tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga;
- 2) méré pangaweruh ngeunaan cara nganalisis struktur naskah drama, hususna tiori struktural Hasanuddin nu dilarapkeun kana naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga; jeung
- 3) méré pangaweruh ngeunaan cara ngaguar ajén étnopédagogik Sunda nu nyangkaruk dina naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga ngaliwatan sadrasa sipat gapura pancawaluya jeung sipat tri-silas.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Sacara umum ieu skripsi ngawengku lima bab, ti mimiti bubuka nepi ka panutup.

**Bab I Bubuka** ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang masalah nu ditalungtik, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dipasing-pasing jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan sacara téoritis jeung sacara praktis, sarta raraga tulisan ieu skripsi.

**Bab II Ulikan Pustaka** medar ngeunaan tiori-tiori nu dijadikeun référénsi dina ieu panalungtikan. Tiori nu dipedar nya éta ngeunaan sastra, drama, ulikan struktural drama, sarta ulikan étnopédagogik. Salian ti medar tiori, ieu bab ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir ieu panalungtikan.

**Bab III Métode Panalungtikan** medar ngeunaan métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumen pikeun ngumpulan data, téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

**Bab IV Hasil jeung Pedaran** ngaguar ngeunaan deskripsi hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung rumusan masalah nu geus dijieun saacanna. Dina ieu bab

dipidangkeun hasil analisis ngeunaan naskah drama “Sanghiang Tapak” maké ulikan struktural jeung étnopédagogik sarta patalina hasil panaluntikan jeung kahirupan masarakat dumasar tiori-tiori nu aya.

**Bab V Kacindekan jeung Saran** eusina ngawengku kacindekan hasil panalungtikan sarta rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.

